

Fason Yo Detèminen Benefis Asirans Chomaj Ou Yo



Peryòd de baz ou an

Valè “monetè” reklamasyon asirans chomaj (UI) ou an—konbyen lajan w ap ka resevwa si ou ranpli tout obligasyon pou kalifye—detèminen sou valè lajan yo peye w pandan yon sètèn tan pou jiska 52 semèn, jan lalwa Massachusetts deklare. Sa a se “peryòd de baz” ou an.

Fason yo detèminen peryòd de baz ou an

“Peryòd de baz” ou an—sa vle di, epòk ki gen semèn travay ke yo te sèvi premye fwa pou kalkile reklamasyon asirans chomaj yo – se denye kat trimès kalandrye ki fèt okomplè jis apre ke ansyen dat ke reklamasyon w lan rantrè an efè. Petèt w ap kapab gen reklamasyon w lan baze sou yon “peryòd de baz altènatif” dapre setèn sikonstans ke lalwa spesifye.

Lè yo sèvi ak peryòd de baz altènatif lan, reklamasyon w lan etabli sou salè yo peye w pandan denye twa trimès kalandrye ou ranpli nèt plis tan ant denye trimès ki ranpli an ak dat reklamasyon w lan rantrè an efè. (Gade tablò sou do paj sila.)

Ane benefis ou

Pou konpran demach sa, li enpòtan pou kon kijan yo detèminen benefis ou. Deske yo etabli reklamasyon w, yo kalkile yon “kredi benefis”. Kredi benefis lan se valè total benefis ke ou petèt ka kalifye pou resevwa pandan “ane benefis” ou si ou ranpli tout lòt obligasyon lalwa pou kalifye.

“Ane benefis” ou se 52 semèn apre dat reklamasyon w lan rantrè an efè.

Yon “to benefis”—epitou yo kalkile valè benefis pa semèn ou an. Li baze sou mwayenn salè pa semèn ou an pandan de trimès ke ou touche plis lan. Apati le 4 Oktòb 2020, to benefis maksimòm lan se \$855 pa semèn.

“Dirasyon benefis” ou an—valè maksimòm semèm ou kalifye pou resevwa benefis – detèminen lè yo divize to benefis ou pa kredi benefis ou an. Valè semèn maksimòm yon moun ka resevwa benefis UI regilye an se 30 semèn (limite a 26 semèn pandan peryòd ekstansyon benefis yo).

Ou pral resevwa pa lapòs enfòmasyon sou kalifikasyon monetè ou an—montan total benefis ou ka kalifye pou resevwa si ou ranpli tout kondisyon kalifikasyon yo—oubyen ou ka jwenn yo sou entènèt lan.

Fason yo detèminen peryòd salè de baz ou an

Patwon nan Massachusetts oblije rapòte tout enfòmasyon salè bay Depatman Asistans Chomaj pa pli ta ke 30 jou apre chak timès kalandrye fini. Sa vle di ke yo rapòte salè yo nan mwa Avril, Jwiye, Oktòb ak Janvyè. Yo sèvi ak enfòmasyon salè sa pou detèminen kalifikasyon monetè potansyèl ou pou benefis UI yo.

Lè “peryòd de baz prensipal” lan fini, benefis yo baze sou salè yo peye nan denye kat trimès ki komplete.

Fason yo Detèminen Benefis Asirans Chomaj Ou Yo

Konpran Peryòd De Baz Prensipal lan

Nan tablò ki pi ba an, ou ka wè ke yo pral sèvi ak salè ki plis ou mwen resan an si ou aplike nan debi timès lan. Lè ou anrejistre reklamasyon w lan nan fin trimès kalandriye an, salè yo sèvi pou detèminen reklamasyon w lan petèt pap montre denye ògmantasyon nan salè w.

Si reklamasyon w ap rantre an efe nan:	Benefis ou baze sou salè ki peye:	
	De:	A:
Janvyè, Fevriye, oswa Mas	1ye Janvyè ane pase	31 Desanm ane sa
Avril, Me, oswa Jwèn	1ye Avril ane pase	31 Mas ane sa
Jwiye, Daout, oswa Septanm	1ye Jwiye ane pase	30 Jwèn ane sa
Oktòb, Novanm, oswa Desanm	1ye Oktòb ane pase	30 Septanm ane sa

Konpran Peryòd De Baz Altènatif lan

Si ou pa kalifye pou benefis ak peryòd de baz prensipal lan, epi w ap kalifye ak sa altènatif lan, DUA pral otomatikman sèvi ak metòd sa pou detèminen benefis ou yo.

Lè yo sèvi ak peryòd de baz aktènatif kabm reklamasyon w lan ap etabli baze sou salè ke ou touche pandan twa denye trimès kalandriye, epitou ak tan ant denye trimès ki ranpli net epi ak dat efektif reklamasyon w lan. Gen kèk egzamp pi ba a:

Si reklamasyon w lan pran efè le:	Benefis ou pral baze sou salè ki peye:	
	De:	A:
4 Novanm 2019	1ye Janvyè 2019	3 Novanm 2019
6 Janvyè 2020	1ye Avril 2019	5 Janvyè 2020
7 Avril 2020	1ye Jwiye 2019	6 Avril 2020
14 Jwiye 2020	1ye Oktòb 2019	13 Jwiye 2020
13 Oktòb 2020	1ye Janvyè 2020	12 Oktòb 2020

Lè Ou ka Chwazi Metòd Altènatif lan

Anba sikonstans spesifik ke lalwa deklare, reklaman yo ka chwazi pou yo etabli reklamasyon yo ansevan ak metòd altènatif lan si yo kalifye pou kèk benefis baze nan peryòd de baz prensipal lan.

Ou ka kalifye pou opsyon sa sèlman si:

- Reklamasyon w lan te etabli nan “peryòd de baz prensipal” lan.
- Ou ka bay DUA “verifikasyon fiyab” a lekri (ki ka enkli, men pa limite a, deklarasyon salè) ke total kredi benefis yo peye w lè yo sèvi ak “peryòd de baz altènatif” lan ap omwen 10 pousan anplis de total benefis kredi a lè yo sèvi ak metòd prensipal lan.

Ou pap kalifye pou opsyon sa si:

- Reklamasyon w te gentan etabli an sèvan ak “peryòd de baz altènatif” lan.

Si ou pata dako ak valè salè yo rapòte an

Si ou pa dakò ak montan salè yo rapòte bay DUA, rele TeleClaim Center [Sant TeleClaim] lan. DUA pral mande w pou bay prèv montan salè ke w ap diskite an epi yo pral mande patwon w verifikasyon sou enfòmasyon salè w.

Si yo deside ke ou pa gen ase salè dapre kelkeswa peryòd de baz prensipal oswa altènatif lan pou etabli yon reklamasyon, oubyen si ou toujou pa dakò ak montan salè yo deklare an, ou gen dwa pou anrejistre yon apèl epi pou gen yon chita tande.

Si ou ta gen plis kesyon, tanpri mande yon reprezantan DUA.